



5 Bagay Ou Bezwèn Konnen Pwoteksyon kont Diskriminasyon ak Pèsekisyón ki Baze sou Prejije nan Késyon Lojman

- 1 Lwa New Jersey kont Diskriminasyon an (New Jersey Law Against Discrimination - LAD) defann diskriminasyon nan lojman poutèt sa yo kwè oubyen sa ki ras yon moun, reliyon li, peyi kote moun lan soti, si li se gason oubyen fi, oryantasyon seksyèl li, idantite seksyèl li genyen oswa di li genyen, andikap, ak dapre kote ki peye li legalman, ansanm ak lòt karakteristik ki pwoteje. Defans lan aplikab pou konpayi imobilye, moun ki nan komès lojman, ak lòt moun. Li vle di, pa egzanp, yon moun ki nan komès lojman pa gen dwa refize lwe yon apatman bay yon moun paske li se yon Mizilman, ni yon konpayi imobilye pa gen dwa refize montre yon fanmi nwa kay ki sou mache a nan yon katye patikilye.**
- 2 Moun ki nan komès lojman pa dwe non plis refize lwe bay yon lokatè potansyèl poutèt "kote ki peye li legalman"—sa ki vle di bòdwo ak alokasyon ki soti nan gouvènman federal, nan Eta a, oswa nan pwogram asistans pou lwave, ansanm ak lòt peman legal tankou alokasyon chomaj, sipòt pou timoun, pansyon divòs, ak peman pou sekirite siplemantè. Sa vle di yon pwopriyetè pa gen dwa refize lwe yon kote pou rete bay yon moun paske moun lan pral peye avèk yon bòdwo tranzaksyon Seksyon 8, oswa SRAP (State Rental Assistance Program - ki vle di Pwogram Eta pou Asistans nan Lwave), oswa TRA (Temporary Rental Assistance - ki vle di Asistans Tanporè nan Lwave). Lalwa defann tou ànonse nenpòt diskriminasyon oswa restriksyon konsa (tankou "Seksyon 8 pa aksepte").**
- 3 LAD defann pèsekisyón nan lojman ki baze sou prejije. Si yon moun viktim pèsekisyón ki baze sou prejije epi sa lakòz moun kote li ye yo montre li malviv, pwopriyetè kote li lwe a dwe pran dispozisyon nesesè pou sispann pèsekisyón an, si li konnen oubyen te dwe konnen sa k ap pase a. Sa vle di tou pèsekisyón ki soti nan lòt lokatè, oswa ajan oubyen anplwaye pwopriyetè kote moun lan rete a. Pa egzanp, pèsekisyón seksyèl "ba mwen ma ba ou", lè administratè yon biling mande yon moun fè lanmou oswa favè seksyèl kòm kondisyon pou li fè reparasyon - se yon bagay ki defann tou.**
- 4 Moun ki nan komès lojman dwe fè aranjman rezonnab pou lokatè andikape. Pa egzanp, si yon lokatè andikape montre li bezwen yon bêt lakay li kòm sipò moral pou li kapab jwenn menm fasilito pou viv avèk plezi nan kote a, moun ki lwe kote a dwe pèmèt li genyen bêt la lakay li, menm si règleman yo anpeche gade bêt, sòf si li ka montre sa ta lakòz yon gwo pwoblèm.**
- 5 Moun ki nan komès lojman ak konpayi imobilye yo pa dwe fè vanjans kont you moun paske li egzèse oswa eseye egzèse dwa li dapre LAD.**

Pou jwenn plis enfòmasyon oubyen pou pote yon plent, ale nan adres NJCivilRights.gov oswa rele nan nimewo **1.833.NJDCR4U**



NJ Office of the Attorney General

NJCivilRights.gov



NJ CIVIL RIGHTS
@CivilRightsNJ #CivilRightsNJ #StandUpAgainstHate



06/25/21